

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Sacara umum, métode panalungtikan dihartikeun salaku cara ilmiah pikeun meunangkeun data ku udagan jeung kagunaan nu tangtu. Cara ilmiah nu dimaksud dina ieu kagiatan panalungtikan téh didadasaran ku ciri-ciri kaélmaan, saperti rasional, empiris, jeung sistematis. Rasional hartina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara-cara nu asup akal. Empiris hartina cara cara nu dilakukeun téh bisa diamati ku indera manusa. Sistematis hartina proses nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun léngkah-léngkah nu tangtu nu sipatna logis (Sugiyono, 2016, kc. 3).

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu sumber datana mangrupa kekecapan lisan, tulisan, atawa barang, anu ditalungtik kalayan gemet sangkan bisa nyangkem ma'na tina hal anu ditalungtik. Panalungtikan kualitatif miboga udagan pikeun maham fénoména nu kaalaman ku subjék panalungtikan misalna, palaku, persepsi, motivasi, tindakan, jsb, sacara holistik ku cara dideskripsikeun kana wangun kekecapan atawa basa dina hiji konteks husus nu alamiah ku cara ngamangpaatkeun métode ilmiah (Moleong, 2012, kc. 6).

Dumasar kana métode anu digunakeun nyaéta métode déskriptif, udagan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan, nyaéta pikeun ngadeskripsikeun ajén éstétika, sarta unsur struktural tina rumpaka kawih nu ngandung ngaran patempatan di Jawa Barat. Métode déskriptif nurutkeun Ratna (2020, kc. 53) nyaéta métodé nu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna di analisis. Dina Wahyuni, spk., (2022, kc. 26) ngaliwatan destriptif, data-data bakal diuraikeun pikeun meunangkeun ma'na atawa pesen sarta karakteristik nu aya dijerona. Lian ti éta, ieu panalungtikan miboga udagan sangkan meunangkeun gambaran luyu heunteuna rumpaka-rumpaka kawih nu ngandung ngaran patempatan di Jawa Barat upama dijadikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan disebut ogé gambaran tina léngkah-léngkah atawa rancangan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Désain panalungtikan diperlukeun sangkan panalungtikan bisa lumangsung saluyu jeung pedoman. Ku ayana ieu désain panalungtikan dipihareup udagan tina panalungtikan bakal babari dihontal. Dina ieu panalungtikan baris ngalaksanakeun sawatara kagiatan, di antarana : (1) nangtukeun rumusan masalah; (2) ngumpulkeun data; (3) Ngolah jeung nganalisis data; (4) nyieun kacindekan; jeung (5) nyusun laporan. Perlu ayana désain panalungtikan pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyindekkeun hasil panalungtikan. Di handap ieu mangrupa bagan salaku rancangan léngkah-léngkah panalungtikan anu baris dilaksanakeun.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

Bagan 3.1 ngandung maksud yén désain dina ieu panalungtikan téh dimitian ku ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data ngaliwatan studi dokuméntasi, tuluy data diolah jeung dianalisis, dijieun kacindekkan, jeung disusun laporanna.

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina panalungtikan tangtuna kudu aya data jeung sumber data anu rék dipaluruh saluyu jeung tujuan panalungtikan. Data mangrupa hal poko nu rék ditalungtik. Nurutkeun Arikunto (2014, kc, 161) data téh nyaéta sakabéh hasil catetan panalungtik, boh nu mangrupa fakta boh nu mangrupa angka.

Nurutkeun Arikunto (2014, kc. 172) nu dimaksud sumber data téh nyaéta subjék timana data dipimeunang. Satulunya Inyana ngabagi sumber panalungtikan kana tilu wangun nyaéta jalma, (*person*), tempat (*place*), jeung simbol (*paper*). *Person* atawa jelema nyaéta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulisngaliwatan angkét. *Place* atawa tempat nyaéta sumber data nu nyajikeun tampilan dina kaayaan nu cicing jeung nyawaan. Upamana nu cicing saperti ruangan, alat, wujud barang, warna jrrd. Upamana nu nyawaan saperti kagiatan diajar-ngajar, sajian sinetron, jrrd. Sedengkeun *paper* atawa simbol nyaéta sumber data nu nyajikeun tanda-tanda kayaning huruf, angka, gambar. Kecap paper didieu hartina lain saukur keretas wungkul sakumaha tarjamahanana tina basa Inggris, tapi kaasup ogé sakabéh sumber nu saluyu pikeun panggunaan métode dokuméntasi,

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan rumpaka kawih Sunda nu ngandung ngaran patempatan di Jawa Barat. Data rumpaka dicokot dumasar kana ngaran kabupatén jeung kota di Jawa Barat nu ngawengku 18 kabupatén jeung 9 kota. Dina ieu panalungtikan ngumpulkeun datana maké téhnik dokuméntasi, hartina datana ogé mangrupa dokuméntasi, sumber datana tina média intérnét youtube. Ieu di handap tabel data jeung sumber data.

Tabel 3.1 Data Kawih Nu ngandung Ngaran Patempatan di Jawa Barat

No	Ngaran Kabupatén/Kota	Judul Kawih	Pencipta/Penyanyi	Ngaran Channel Youtube

ANNISA, 2023

RUMPAKA KAWIH NU NGANDUNG NGARAN PATEMPATAN DI JAWA BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN ÉSTÉTIKA)

Universitas Pendiidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

1.	Kab/Kota Bandung	<i>Bandung</i>	Yura Yunita	Yura Yunita
2.	Kab. Bandung Barat	<i>Sasak Rajamandala</i>	Yaya S	LV Channel
3.	Kab/Kota Bekasi	<i>Jabodétabek</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Irman Budiawan
4.	Kab/Kota Bogor	<i>Jabodétabek</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Irman Budiawan
5.	Kab. Ciamis	<i>Pelesiran</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Azmyz
6.	Kab. Cianjur	<i>Pelesiran</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Azmyz
7.	Kab/Kota Cirebon	<i>Ciayumajakuning</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Kapan-kapan media
8.	Kab. Garut	<i>Sancang</i>	Yayan Jatnika	LV Channel
9.	Kab. Indramayu	<i>Ciayumajakuning</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Ahmad Noers
10.	Kab. Karawang	<i>Tanjung Baru</i>	Uko Hendarto	Bandung Music
11.	Kab. Kuningan	<i>Ciayumajakuning</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Melly Goeslaw
12.	Kab. Majalengka	<i>Alun-Alun Majalengka</i>	Teddy Koes	Yayan Jatnika Channel
13.	Kab. Pangandaran	<i>Pangandaran</i>	Doel Sumbang	Azmyz
14.	Kab. Purwakarta	<i>Pelesiran</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Azmyz
15.	Kab. Subang	<i>Pelesiran</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Azmyz
16.	Kab/Kota Sukabumi	<i>Sukabumi Renyah</i>	Yemmy Yohani	Jaro Sandi

ANNISA, 2023

RUMPAKA KAWIH NU NGANDUNG NGARAN PATEMPATAN DI JAWA BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN ÉSTÉTIKA)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

17.	Sumedang	<i>Sumedang</i>	Doel Sumbang	Doel Sumbang Asli
18.	Kab/Kota Tasikmalaya	<i>Duriat Tasik</i>	Doel Sumbang	Doel Sumbang Asli
19.	Kota Banjar	<i>Pelesiran</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Azmyz
20.	Kota Depok	<i>Jabodétabek</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Irman Budiawan
21.	Kota Cimahi	<i>Pelesiran</i>	Ubun R Kubarsah, Dian Hendrayana	Azmyz

3.3 Téhnik Ngumpulkeun data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik dokuméntasi jeung transkripsi. Téhnik dokuméntasi mangrupa salahsahiji téhnik dina kagiatan ngumpulkeun data kualitatif ku cara nganalisis dokumén-dokumén anu aya saperti wangun surat, catetan sapopoé, laporan, artefak, foto, lagu, sarta video.

Dumasar kana téhnik nu digunakeun, satuluyuna dipedar léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan.

1. Ngumpulkeun kawih Sunda nu ngandung ngaran patempatan di Jawa Barat tina média internét youtube boh nu kauni langsung tina judul boh nu teu kauni dina judul;
2. Nyieun transkripsi téks kawih;
3. Nyirian sarta méré tanda rumpaka kawih
4. Nyalin kana kartu data

3.3.1 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa salasahiji pakakas nu digunakeun pikeun milah-milih data anu dibutuhkeun. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data.

a. Kartu Data

ANNISA, 2023

RUMPAKA KAWIH NU NGANDUNG NGARAN PATEMPATAN DI JAWA BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN ÉSTÉTIKA)
Universitas Pendiidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

Kartu data mangrupa salahsahiji instrumén dina wangun tabél nu baris dieusi ku panalungtik. Kartu data gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya sangkan gampang dina proses nganalisis datana.

1) Transkripsi kawih

Judul Kawih:
Kode Rumpaka:
Penyanyi/ pencipta
Transkripsi Rumpaka:

2) Unsur rumpaka

No	Judul Kawih	Kodeu Rumpaka	Jumlah Pada	Jumlah Padalisan	Guru Wilangan

3) Struktur Rumpaka

STRUKTUR RUMPAKA
Kodeu Rumpaka:
Imaji:
Simbul/Lambang:
Musikalitas/Wirahma:
Suasana:
Téma:
Gaya Basa:

4) Analisis ajén éstétika

Ajén Éstétika Rumpaka
Kode rumpaka :
Analisis ajén éstétika kabasaan : 1.) Gaya basa: 2.) Purwakanti:
Analisis ajén éstétika eusi : 1.) Téma: 2.) Rasa: 3.) Nada: 4.) Amanat:

3.4 Téhnik analisis data

Data nu geus dikumpulkeun, tuluy dianalisis pikeun ngadéskripsikeun sangkan bisa dijieun kacindekannana, ieu dihandap dipedar léngkah-léngkah analisis data nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan.

1. Niténan deui rumpaka kawih nu ngandung ngaran patempatan di Jawa Barat;
2. Nranskripsi rumpaka kawih nu ngandung ngaran patempatan di Jawa Barat tina wangun vidéo;
4. Nganalisis struktur rumpaka kawih nu ngandung ngaran patempatan di Jawa Barat;
5. Nganalisis ajén éstétika rumpaka kawih nu ngandung ngaran patempatan di Jawa Barat;

ANNISA, 2023

RUMPAKA KAWIH NU NGANDUNG NGARAN PATEMPATAN DI JAWA BARAT PIKEUN BAHAN
 PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN ÉSTÉTIKA)
 Universitas Pendiidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

6. Matalikeun objék nu geus ditalungtik jeung pangajaran kawih di SMA kelas X;
7. Nyieun kacindekan jeung saran tina hasil panalungtikan.